

Oto-Identifikasiyon Volontè Andikap Ia

Fòm CC-305
Paj 1 sou 1

Nimewo Kontwòl OMB 1250-0005
Ap ekspire 30/04/2026

Non: _____
Identifikasiyon anplwaye: _____
(Si li aplikab)

Dat: _____

Poukisa yo mande w ranpli fòm sa a?

Nou se yon kontraktè oswa yon soutretan federal. Lalwa egzije nou pou nou bay moun andikape ki kalifye chans egal nan kesyon travay. Objektif nou se pou nou gen omwen 7% nan travayè nou yo ki se moun andikape. Lalwa di nou dwe mezire pwogrè nou akonpli nan reyalizasyon objektif sa a. Pou sa fêt, nou dwe mande aplikan yo ak anplwaye yo si yo gen yon andikap oswa si yo te genyen genyen youn avan. Yon moun ka vin andikape, kidonk nou bezwen poze kesyon sa a omwen chak senkan.

Ranpli fòm sa a se yon chwa volontè, e nou espere ke w ap chwazi fè sa. Repons ou an konfidansyèl. Pa gen moun ki ap pran desizyon nan rekrutman ki pral wè li. Desizyon w pou w ranpli fòm nan ak repons ou an p ap fè w mal nan okenn fason. Si ou vle konnen plis sou lalwa oswa sou fòm sa a, vizite sit entènèt Biwo Pwogram Konfòmite Kontra Federal (OFCCP) Depatman Travay Etazini an sou [www.dol.gov/ofccp](#).

Ki jan pou fè konnen si ou gen yon andikap?

Yon andikap se yon kondisyon ki limite nan yon fason konsiderab youn oswa plizyè nan "aktivite prensipal lavi w yo." Si ou genyen oswa te genyen yon kondisyon konsa, ou se yon moun ki gen yon andikap. **Andikap yo gen ladan yo, men yo pa limite ak:**

- Twoub ki lye ak konsomasyon alkòl oswa lòt sibstans (ki p ap konsume dwòg ilegalman aktyèlman)
- Twoub otoiinitè, pa egzanp, lupus, fibromyalji, atrit rimatoyid, VIH/SIDA
- Avèg oswa vizyon fèb
- Kansè (pase oswa prezan)
- Maladi kadyovaskilè oswa maladi kè
- Maladi selyak
- Paralizi serebral
- Soud oswa gen gwo difikilte pou tandé
- Dyabèt
- Defigirasyon, pa egzanp, defigirasyon ki te koze pa boule, blesi, aksidan, oswa maladi konjenital
- Epilepsi oswa lòt maladi kriz malkadi
- Twoub gastwoentestinal, pa egzanp, Maladi Crohn, sendwòm entesten iritab
- Andikap entelektyèl oswa devlopmantal
- Twoub mantal, pa egzanp, depresyon, twoub bipolè, twoub ansyete, eskizofreni, PTSD
- Manb ki manke oswa ki manke pasyèlman
- Defisyans nan mobilite, ki bezwen utilizasyon yon chèz woulant, yon aparèy pou mache, pwotèz pou janm (yo) ak/oswa lòt sipò
- Maladi sistèm nève, pa egzanp, maltèt, maladi Parkinson, esklewoz miltip. (MS)
- Newodivèjans, pa egzanp, twoub defisi atansyon/ipèaktivite (ADHD), twoub espèk otistik, dislekzi, dispraksi, ak lòt twoub aprantissaj.
- Paralizi pasyèl oswa total (tout kòz)
- Maladi poumon oswa respiratwa, pou egzanp, tibèkiloz, opresyon, anfizèm
- Kout (nen)
- Twomatis Serebral

Tanpri tcheke youn nan kazyè ki anba yo:

- Wi, mwen gen yon andikap, oswa mwen te gen youn nan tan pase yo
- Non, mwen pa genyen andikap e wen pa t genyen nan tan pase yo
- Mwen pa vle reponn

DEKLARASYON SOU CHAJ PIBLIK: Dapre Lwa sou Rediksyon Fòmalite Administratif 1995 la, pa gen okenn moun ki oblige reponn a yon kolèk enfòmasyon sof si kolèk sa a gen yon nimewo kontwòl OMB ki valid. Sondaj sa a ta dwe pran apeprè 5 minit pou ranpli.

Rezève pou Anplwayè a

Anplwayè yo ka modifie sekson sa a nan fòm lan si sa nesesè, pou achiv.

Pa egzanp:

Tit pòs: _____

Dat Rekrutman: _____